

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Gusti Ngamulyakeun

Yusup si
Budak
Beulian



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
M. Maillot, Lazarus
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: M. Maillot, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.




Yusup teh teu pantes
dipanjara ku anu baheula
majikanana, Potifar. Di
panjara, Yusup taat jeung
sok mantuan. Kukituna sipir
ngandelkeun Yusup
pikeun ngatur
kahirupan panjara.
Lantaran Gusti
nyarengan Yusup,
panjara teh jadi
tempat nu hadé
pikeun sarerea.



Tukang roti sareng kapala palayan
raja ogé aya di panjara. "Naha
anjeun sararedih?" Dina hiji
poé Yusuf nanya ka maranéhna.



"Gusti tiasa!" ceuk Yusuf. "Cik caritakeun mimpina." "Teu aya anu tiasa nunjukkeun ka urang harti mimpina urang" tembal



"Impian anjeun hartosna dina
tilu dinten ieu anjeun bakal
uih deui ka panangan Raja
Firaun," saur Yusup ka juru

jaga. "Sing
inget ka
kuring jeung
ménta Firaun
pikeun nga-
bebaskeun
kuring."




Impian tukang roti ngandung béja goréng. "Anjeun bakal maot dina tilu dinten," saur Yusup. Duanana ngimpi eta teh jadi kanyataan.



Kapala palayan raja teu emut kana
talatah Yusup nepi ka hiji poé Firaun
ngorejat gugah. "Kuring
ngimpi," saurna gorowok.

Taya sahijieun
jalma wijaksana



nu tiasa ngartikeun
mimpina. Lajeng kapala
palayan raja teh emut ka
Yusup di panjara.

Anjeunna ngawartoskeun
Firaun perkawis anjeunna.



Geuwat Firaun ngageroan Yusup.
"Impian anjeun teh mangrupikeun
pesen ti Gusti," saur Yusup ka raja.
"Mesir bakal ngalaman tujuh taun nyatu,
lajeng tujuh taun kalaparan dahsyat."



"Ayeuna mah rencanakeun nyimpen dahareun kanggo salila tujuh taun kalimpahan," Yusup nasehatan Firaun, "atawa rahayat anjeun bakal maot kalaparan." "Gusti nyarengan anjeun," Lajeng Firaun nyatakeun. "Anjeun bakal ngurus di Mesir, nu kadua ti kuring."



Tujuh taun nyatu teh datang. Lajeng tujuh taun kalaparan. Dahareun langka di mana-mana iwal di Mesir kusabab maranéhanana geus bijaksana nyimpen seueur pisan dahareun. Di tanah air Yusup anu jauh, kulawarga Yakub kalaparan.





Jalma-jalma ti mana-mana nagara indit ka Mesir pikeun meuli gandum. "Maraneh oge kedah angkat," saur Yakub ka putra-putrana, "atanapi urang bakal maot kalaparan."

Saparantos dugi di Mesir, ieu adi lanceuk teh siap-siap meuli dahareun.




Putra-putra Yakub teh sujud nyembah ka nu mulya anu ngurus Mesir. Maranehna teu mikawanoh Yusup, dulurna. Tapi Yusup terangeun aranjeunna. Yusup inget ngimpina basa keur budak keneh. Gusti parantos ngangkat manéhna luhur tibatan sadulur-Na.



Putra-putra Yakub sujud sembah ka nu
mulya panguasa Mesir. Maranehna teu
mikawanoh Yusup, lanceukna.



Tapi Yusup terang aranjeunna.
Yusup inget ngimpi budak
na. Gusti geus ngangkat
manéhna luhur sadulur-Na.
Sadérék-sadérékna
nyangka yén Gusti bakal
ngahukum maranéhna
lantaran ngajual
Yusup jadi budak
mangtaun-taun
saméméhna.



Yakub jeung putra-putrana bingung. "Duit kami dipulangkeun dina gandum. Jeung patih omat urang kudu mawa Benjamin." Yakub mah moal ngawidian Benjamin angkat. Tapi teu lila ti harita dahareun teh tos seep. Dulur-dulur kudu balik deui ka Mesir. Benjamin indit oge jeung maranehna.




Nalika Yusup ningali ka Binyamin anjeunna maréntahkeun ka abdi-abdina ngadamel pésta anu saé. Dulur-dulur diondang. "Dupi bapa anjeun hirup jeung cageur?" Yusup nanya. Panginten anjeunna mikir kumaha anjeunna tiasa ngahijikeun sadayana kulawarga.




Yusup ogé hoyong terang yén sadérék-sadérékna geus bener-bener tobat tina dosa-dosa maranéhna mangtaun-taun saméméhna. Sanggeus pesta, anjeunna nuduh yén aranjeunna téh

maling. "Pikeun ngahukum anjeun, abdi bakal nyandak Benyamin kanggo budak abdi," saur Yusup.



"Juragan, cabut wé nyawa abdi," saur Yuda. Yusup nyaho yén Yuda, nu ngasongkeun ngajual Yusup, geus bener-bener robah.




Geus teu bisa deui nyumputkeun
kanyaahna ka kulawargana, Yusup
marentah kaluar sakumna
urang Mesir.
Lajeng anjeunna
mimiti ceurik.



"Kami teh Yusup lanceuk maraneh, anu ku maraneh dijual ka Mesir." Reuwas jeung sieun, dulur-dulur teu tiasa ngomong nanaon.



Yusup ngajurung dulur-dulurna.
"Gusti teh tos ngajadikeun
abdi juragan
di Mesir supados
abdi tiasa
nyalametkeun
kahirupan
anjeun dina
kalaparan ieu.
Geura balik, ajak bapa
kadieu. Kuring baris
ngajaga anjeun."



Yakub jeung
Yusup di hijikeun
deui di Mesir, sarta
sakulawarga hirup di
dinya tengtrem tur loba.



Gusti Ngamulyakeun Yusup si Budak Beulian


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 39 - 45

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130






Rengse



8



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

